



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ 161 MILYON DOLA POU REYABILITE SÈT PON SOU GRAND CENTRAL PARKWAY NAN QUEENS

Nouvo teras an beton, baryè, reparasyon avèk estrikti an asye ak lòt amelyorasyon ki prevwa pou pasaj kle yo ant Union Turnpike ak Commonwealth Boulevard

Pwojè a redui depans antretyen alontèm, amelyore sekirite ak pwolonje dire sèvis pon yo bò koridò kle a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè 161 milyon dola pou reyabilite sèt pon sou Grand Central Parkway ant Union Turnpike ak Commonwealth Boulevard nan Queens. Pwojè a, ki te jwenn sipò Lwa Bipatit sou Enfrastruktir (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) a, pral ranplase teras pon an beton sou twa nan estrikti yo epi li pral fè reparasyon enpòtan ak amelyorasyon estriktirèl nan tout rès travès yo. Li pral amelyore sekirite epi amelyore mobilite ak rezistans nan yon koridò vwayaj enpòtan ki jere apeprè 300,000 machin pa jou. Pwojè a pral pwolonje tou dire sèvis chak nan estrikti yo, ki te bati nan ane 1970 yo, jiska 40 ane epi redwi depans antretyen alontèm.

"Kreye yon rezo transpò ki pi fyab ak pi rezistan ki enpòtan anpil pou kwasans ak devlopman Eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Grand Central Parkway se youn nan koridò vwayaj ki pi enpòtan nan vil New York epi reyabilitasyon pon sa yo pral ede asire li kontinye sèvi Nouyòk yo pandan plizyè deseni k ap vini yo."

Pwojè a pral ranplase teras pon an beton yo, sipò yo ak ba an asye sou pon yo ki pote Grand Central Parkway sou Winchester Boulevard ak Cross Island Parkway, Vanderbilt Parkway; ak ranp ki soti nan Cross Island Parkway nan direksyon nò rive nan direksyon lwès Grand Central Parkway. Anplis de sa, reparasyon yo pral fèt nan pout estriktirèl an asye ak beton an sou kolòn waf yo ak abutment yo. Y ap ajoute nouvo penti nan asye estriktirèl la epi yo pral ranplase balistrad pon yo ak baryè an beton.

Y ap repara kat rès pon yo, pou amelyore kondisyon jeneral yo epi pwolonje dire sèvis yo. Sa yo enkli pon ki pote Grand Central Parkway sou Union Turnpike, de pon ki pote wout sèvis Grand Central Parkway nan direksyon lwès sou Cross Island Parkway nan direksyon nò ak nan direksyon sid, ak ranp ki soti nan Cross Island Parkway nan direksyon sid rive nan direksyon lès Grand Central Parkway sou Alley Pond Road.

Pwojè sa a ki prevwa fini nan fen ane 2025, ap itilize metòd livrezon konsepsyon-konstriksyon, kote alafwa konsepsyon final la ak konstriksyon an ap fèt pa ekip konsepsyon-konstriksyon deziyen an.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Envestisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan pwojè enfrastrikti transpò enpòtan tankou sa a sou Grand Central Parkway pral benefisye jenerasyon Nouyòkè yo epi ede kenbe moun ak machandiz yo an mouvman nan vil ak eta nou an pou plizyè deseni k ap vini yo."

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Grand Central Parkway la se yon koridò ki gen anpil moun ki itilize l nan Queens epi amelyorasyon sa yo se kle pou asire lonjevite li epi ogmante sekirite ak mobilite pou tout moun ki sèvi ak pati otowout sa a. Antanke reprezantan Konsèy Lidèchip Rejyonal nan New York la – ki travay pou ankouraje ak aplike lejislasyon Prezidan Biden te siyen – se yon bèl bagay pou m wè lajan k ap antre distri kongrè mwen an ki soti nan Lwa Bipatit sou Enfrastrikti mwen te ede adopte nan Kongrè a."

Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards, te deklare, "Reyabilitasyon sèt pon sa yo sou Grand Central Parkway la pral yon lòt etap enpòtan nan amelyorasyon kontinyèl nan enfrastrikti transpò minisipalite nou an. Chofè ki sèvi ak Grand Central Parkway ap fè eksperyans vwayaj ki pi an sekirite ak pi dous pandan plizyè deseni gras ak pwojè enpòtan sa a. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez, dèske yo kontinye Queens rete yon priyorite."

Manm Konsèy Vil New York la, Linda Lee, te deklare, "Mwen bat bravo pou envestisman Gouvènè Hochul fè nan enfrastrikti sou Grand Central Parkway ki pral amelyore sekirite epi limite anbouteyaj sou wout enpòtan sa a. Avèk opsyon transpò ki limite pou anpil rezidan nan Eastern Queens, mwen kontan wè modènizasyon wout ak otowout lokal nou yo kontinye ap soulaje fado sa a pou ogmante sikilasyon ak amelyore kalite lavi pou vwayajè nan katye nou an."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)